


# Pou Moun k ap Bay Sèvis nan Massachusetts yo: Enfòmasyon Jeneral sou Ranfòsman Imigrasyon



ANDREA JOY CAMPBELL  
ATTORNEY GENERAL

## Prepare pou Aktivite Ranfòsman Posib ajan Imigrasyon Etazini ak Ranfòsman Lod (ICE):

### Politik yo Rekòmande:

- **Pran fòmasyon e prepare:** Òganize fòmasyon "Konen Dwa Ou yo", distribiye kat dwa, e konsilte gid nan òganizasyon ak ajans tankou Biwo pou Refijye ak Imigran, Alyans Defans Imigran ak Refijye Massachusetts (MIRA), ak Sant Lwa Imigrasyon Nasyonal la.
- **Chwazi yon manm pèsònèl** kòm responsab pou entèaksyon avèk ICE e lòt ranfòsman lwa.
- **Zòn prive yo chwazi** nan espas la ki fèmèn pou piblik la.

### Etap pou w pran si ICE oswa ranfòsman lwa rive nan òganizasyon w nan:

1. Mande non ofisyè a, nimewo idantifikasyon, ak ajans kote l ap travay la.
2. Mande ofisyè a pou l rete tann ou deyò jiskaske w kontakte konseye legal ak/oswa manm pèsònèl yo chwazi.
3. Fè ofisyè a konnen: ou pap eseye anpeche aksyon yo a; ou pa gen otorizasyon pou w reponn a demann yo a; oubezwen kontakte moun ki apwopriye a ak konsèy legal la anvan w ba li aksè.
4. Mande yon **manda jiridik oswa lòd tribinal**. Si sa aplikab, chèche gen yon kopi dokiman an. Ou pa nan egzijans pou w soumèt ou a yon manda administratif ICE bay, piske se pa yon jis oswa yon tribinal ki bay otorizasyon an.
5. Kontakte konseye legal, si genyen disponib, pou egzamine dokiman yo avèk manm pèsònèl yo chwazi pou sa.

*Note: Si l vini ak yon manda oswa dokiman tribinal, manm pèsònèl yo chwazi ak konseye legal ta dwe konfime li: (1) se yon manda jiridik ki **valid**; (2) se **yon jis oswa majistra ki siyen li**; (3) **non** eta moun yo chèche a oswa **adrès** apatman pou yo chèche yo; (4) si yo te chèche egzekite sa ki endike a pandan **tan** yo te presize nan mandan a.*

## Enpak Sèvis Òganizasyon an sou Dwa ak Eitati Imigran an:

- Anba politik federal aktyèl la, resepsyon benefis ki pa kach **pa** efè sou stati imigrasyon pèsònèl.
  - Pa egzanp: SNAP (Pwogram Èd Manje Sipleman), Head Start, Rekonpans pou Travayè, Medicaid (MassHealth), CHIP (Pwogram Asirans Sante pou Timoun).
- Yon detèminasyon frè piblik evalye chans non sitwayènte pou l vin depann prensipalman de gouvènman an pou l siviv, e baze sou resi benefis kach piblik.
  - Evalyasyon frè piblik la **pa** aplike a renouvèlman kat vèt "green card", sila k ap chèche stati imigrasyon antanke refijye, moun k ap chèche azil, moun k ap benefisye Eitati Pwoteksyon Tanporè, moun ki posede viza U ak T, Adolesan Imigran Espesyal, oswa moun ki fè demann pèsònèl atravè Lwa sou Vyolans Kont Fanm.
  - Yo **pa** konsidere èd nan men òganizasyon prive kòm yon byenfè piblik anba règ frè piblik la.

## Resous pou Moun Ki Nan Prizyon yo:

- **Moun ki Ka Lokalize Prizonye ICE:** Kapab detèmise si yon manm fanmi te nan prizon ak kote yo te detansyon an (<https://locator.ice.gov/odls>).
- **Èd Legal:** Avoka imigrasyon, reprezantan sètifye, oswa òganizasyon èd legal kapab ede asire liberasyon prizonye oswa aranje vizit familyal.
- **Konsil oswa anbasad** peyi orijin moun nan gendwa bay plis enfòmasyon a èd.

## Kontakte Biwo Pwokirè Jeneral la:

Pou plis kesyon oswa èd, ou gendwa kontakte (617) 963-2917.